



CABINET DU PRESIDENT

DECRET N°100/048 DU 22 AVRIL 2022 PORTANT
MODIFICATION DU DECRET N°100/120 DU 08
JUILLET 2008 PORTANT CREATION,
ORGANISATION ET FONCTIONNEMENT DE LA
DIRECTION NATIONALE DE CONTROLE DES
MARCHES PUBLICS

LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

Vu la Constitution de la République du Burundi ;

Vu la Loi n°1/04 du 29 janvier 2018 portant Code des
Marchés Publics du Burundi ;

Vu le Décret n°100/069 du 24 septembre 2020
portant Missions, Organisation et Fonctionnement du
Ministère des Finances, du Budget et de la
Planification Economique ;

Vu le Décret n°100/037 du 18 avril 2022 portant
Modification du Décret n°100/123 du 11 juillet 2008
portant Création, Organisation et Fonctionnement de
la Cellule de Gestion des Marchés Publics ;

Vu le Décret n°100/038 du 18 avril 2022 portant
Création, Organisation et Fonctionnement de la
Cellule Communale de Gestion des Marchés
Publics ;

Revu le Décret n°100/120 du 08 juillet 2008 portant
Création, Organisation et Fonctionnement de la Direction
Nationale de Contrôle des Marchés Publics ;

Sur proposition du Ministre des Finances, du Budget
et de la Planification Economique ;

Le Conseil des Ministres ayant délibéré ;

DECRETE :



IBIRO VY'UMUKURU W'IGIHUGU

ITEGEKO INOMERO 100/048 RYO KU WA 22
NDAMUKIZA 2022 RIHINDURA ITEGEKO INOMERO
100/120 RYO KU WA 08 MUKAKARO 2008 RISHINGA
UBUYOBOZI BUJEJWE GUSUZUMA IVYEREKEYE
AMASOKO YA RETA MU GIHUGU, INGENE
BUTUNGANIJWE N'INGENE BUKORA

UMUKURU W'IGIHUGU,

Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Repuburika y'Uburundi ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/04 ryo ku wa 29 Nzero 2018
rishinga Igitabu c'Amategeko agenga Amasoko ya Reta mu
Burundi ;

Yihweje itegeko inomero 100/069 ryo ku wa 24 Nyakanga
2020 rishinga imirimo y'Ubushikiranangijwe bw'Ikigega ca
Reta, no gutunganya Ubutunzi bw'Igihugu, ingene
butunganijwe n'ingene bukora ;

Yihweje Itegeko inomero 100/037 ryo ku wa 18 Ndamukiza
2022 rihindura Itegeko inomero 100/123 ryo ku wa 11
Mukakaro 2008 rishinga Umugwi ujejwe gutunganya
Amasoko ya Reta, ingene ukora n'ingene utunganijwe ;

Yihweje Itegeko inomero 100/038 ryo ku wa 18 Ndamukiza
2022 rishinga Umugwi wo mw'ikomine ujejwe gutunganya
Amasoko ya Reta, ingene ukora n'ingene utunganijwe ;

Asubiye kwihweza Itegeko inomero 100/120 ryo ku wa 08
Mukakaro 2008 rishinga Ubuyobozi bujejwe gusuzuma
ivyerekeye Amasoko ya Reta mu gihugu, ingene bukora
n'ingene butunganijwe ;

Bishikirijwe n'Umushikiranangijwe w'Ikigega ca Reta, no
gutunganya Ubutunzi bw'Igihugu ;

Inama Nshikiranangijwe imaze kuvyihweza ;

ASHINZE :

CHAPITRE I : DE LA DIRECTION NATIONALE DE CONTROLE DES MARCHES PUBLICS, DE SON ORGANISATION ET DE SON FONCTIONNEMENT

Section 1 : De la Direction Nationale de Contrôle des Marchés Publics

Article 1 :

Il existe au sein du Ministère ayant les Finances dans ses attributions une Direction Nationale de Contrôle des Marchés Publics, DNCMP en sigle, ci-après dénommée « la Direction Nationale ».

Article 2 :

La Direction Nationale est placée sous la tutelle du Ministère ayant les Finances dans ses attributions.

Section 2 : De l'organisation de la Direction Nationale

Article 3 :

La Direction Nationale est organisée en services administratifs et techniques.

Article 4 :

Les services administratifs et techniques sont sous la coordination du Secrétariat Exécutif de la Direction Nationale.

Article 5 :

Le Directeur National et le Secrétaire Exécutif font partie du Comité Permanent de la Direction Nationale.

CHAPITRE II : DE LA MISSION ET DES ATTRIBUTIONS DE LA DIRECTION NATIONALE DE CONTROLE DES MARCHES PUBLICS

Section 1 : Des missions de la Direction Nationale

Article 6 :

La Direction Nationale est chargée de contrôler a priori la procédure de passation des marchés publics d'un montant supérieur aux seuils de contrôle.

IGICE CA I : IBIJANYE N'UBUYOBOZI BUJEJWE GUSUZUMA IVYEREKEYE AMASOKO YA RETA MU GIHUGU, INGENE BUTUNGANIJWE N'INGENE BUKORA

Agace ka mbere : Ibijanye n'Ubuyobozi bujejwe gusuzuma ivyerekeye Amasoko ya Reta mu gihugu

Ingingo ya 1 :

Mu Bushikiranangaji bujejwe ikigega ca Reta, hariho Ubuyobozi bujejwe gusuzuma ivyerekeye Amasoko ya Reta mu gihugu, DNMP mu mpfunyapfunyo y'igifaransa, muri iri tegeko bwiswe « Ubuyobozi Bukuru ».

Ingingo ya 2 :

Ubuyobozi bukuru bukukira Ubushikiranangaji bujejwe ikigega ca Reta.

Agace ka 2 : Ingene Ubuyobozi bukuru butunganijwe

Ingingo ya 3 :

Ubuyobozi bukuru bugizwe n'ibisata bijejwe ivyerekeye intwara n'ibisata bijejwe ivyerekeye amasoko.

Ingingo ya 4 :

Ibisata bijejwe ivy'intwara n'ibijejwe ivyerekeye amasoko bikurikiranirwa hafi n'ibiro vy'Umunyamabanga Nshingwabikorwa w'Ubuyobozi bukuru.

Ingingo ya 5 :




Umuyobozi mukuru n'Umunyamabanga nshingwabikorwa bari mu bagize Komite yamahoro y'Ubuyobozi bukuru.

IGICE CA II : IVYEREKEYE IMIRIMO Y'UBUYOBOZI BUJEJWE GUSUZUMA IVYEREKEYE AMASOKO YA RETA N'IVYO BUSHINZWE

Agace ka 1 : Imirimo y'Ubuyobozi bukuru

Ingingo ya 6 :

Ubuyobozi bukuru bujejwe gusuzuma, isoko ritaratangwa, ko ibikurikizwa mu gutanga Amasoko ya Reta vyagizwe neza ku masoko ya Reta asaba amafaranga arengeye ingero zifatirwako z'amafaranga amasoko atwara.



Elle est également chargée de contrôler a posteriori les procédures de passation des marchés d'un montant inférieur auxdits seuils.

Article 7 :

La Direction Nationale assure des missions de contrôle et de suivi de l'exécution des marchés publics.

A ce titre, la Direction Nationale :

1. émet un avis de non objection sur les dossiers d'appel d'offres et les demandes de propositions des marchés dont la valeur estimée est égale ou supérieure aux seuils de contrôle par la Direction Nationale, avant le lancement de l'appel à la concurrence et de la publication correspondante audit appel, sans toutefois s'immiscer dans la détermination des besoins et dans l'appréciation de l'opportunité ;
2. émet un avis de non objection sur la procédure de passation portant sur les appels d'offres restreints, avec copie pour information à l'Autorité de Régulation des Marchés Publics (ARMP) en sigle ;
3. émet un avis de non objection sur le mode de passation par entente directe et par voie de gré à gré, avec copie pour information à l'ARMP ;
4. émet un avis de non objection sur les conventions de délégation de service public ;
5. émet un avis de non objection sur le rapport d'analyse comparative des offres et sur le rapport d'attribution provisoire du marché, élaborés par la Commission de Passation du Marché et transmis après validation par la personne responsable des marchés publics ;

Bujejwe kandi gusuzuma, isoko rimaze gutangwa, ko ibikurikizwa mu gutanga amasoko adashikana izo ngero vyubahirijwe.

Ingingo ya 7 :

Ubuyobozi bukuru bujejwe imirimo yo gusuzuma niy'ugukurikirana ishira mu ngiro ry'Amasoko ya Reta.

Kubera ivyo, Ubuyobozi bukuru :

1. burashikiriza, biciye mu rwandiko, ingingo ivuga ko bwemeje ko idosiye zidondora ivyerekeye amasoko ahiganirwa n'idosiye z'ugusaba guhiganira amasoko ziteguwe neza, mu gihe agaciro k'ayo masoko kangana canke gasumba ingero Ubuyobozi bukuru bufatirako mu gusuzuma, imbere y'uguhamagarira guhiganira amasoko n'ukubitangaza, ariko ntibwisuka mu gikorwa c'ugutomora ibikenewe n'ukuraba ko isoko rikenewe ;
2. burashikiriza, biciye mu rwandiko, ingingo ivuga ko bwemeje ko ibikurikizwa mugutanga isoko biteguwe neza, ku masoko atangwa biciye mu matangazo ahamagarira abantu bakeyi guhiganira isoko, bugashikiriza ikopi y'urwo rwandiko Urwego rujejwe ugucungera ivyerekeye amasoko ya Reta (ARMP mu mpfunyapfunyo y'igifaransa) ;
3. burashikiriza, biciye mu rwandiko, ingingo ivuga ko bwemeje ko uburyo amasoko atangwa buteguwe neza, ku masoko atangwa biciye mu kwumvikana n'uwushobora gushira mu ngiro ubwo nyene iryo soko no ku yatangwa mu kwumvikana n'umwe umwe mu borishira mu ngiro, bugashikiriza ikopi y'urwo rwandiko Urwego rujejwe ugucungera ivyerekeye amasoko ya Reta ;
4. burashikiriza, biciye mu rwandiko, ingingo ivuga ko bwemeje ko amasezerano yerekeye ugutuma abandi ivyo Reta yokoze ateguwe neza ;
5. burashikiriza, biciye mu rwandiko, icegeranyo cerekana ingene ivyashikirijwe n'abahiganira isoko bisumbasumbanya amanota n'icegeranyo cerekana uwahawe isoko ivy'imfatakibanza categuwe n'umurwi ujejwe gutanga isoko inyuma yuko uwujwe gutanga amasoko yavyemeje ;



6. procède à un examen administratif, juridique et technique du dossier de marché avant son approbation et le cas échéant, adresse à l'Autorité contractante toute demande d'éclaircissements, de modifications et toute autre observation de nature à garantir la conformité du marché avec le dossier d'appel d'offres et la réglementation en vigueur ;
7. émet un avis de non objection sur les projets d'avenants ;
8. apporte, le cas échéant, et sur demande écrite de l'Autorité contractante, un appui technique depuis la préparation des dossiers d'appels d'offres jusqu'à la réception définitive des prestations.

Article 8 :

Toute décision de la Direction Nationale est motivée, signée et transmise officiellement à la personne intéressée.

Section 2 : Des attributions de la Direction Nationale

Article 9 :

La Direction Nationale, les ministères techniques compétents, les organisations professionnelles et toute autre personne ressource appuie le cas échéant l'Autorité de Régulation des Marchés Publics dans la rédaction des textes d'application relatifs à la réglementation des marchés publics notamment, les documents-types, les manuels de procédures et les fiches d'évaluation.

Article 10 :

La Direction Nationale intervient dans la validation des documents type proposés par l'ARMP.

6. burihweza ko idosiye yerekeye isoko iteguwe neza mu bijanye n'inzandiko zisabwa, hamwe n'ibijanye n'amategeko n'ubuhinga imbere yuko yemezwa, kandi, bikenewe bugasaba umuco Urwego ruhagararira Reta mu kugira amasezerano, canke bugasaba ko hagira ibihindurwa hamwe n'ikindi ciyumviro bishobora gutuma isoko ryisungwa ibisabwa mw'idosiye idondora ivyerekeye isoko rihiganirwa hamwe n'amategeko asanzwe akurikizwa ;
7. burashikiriza ingingo ivuga ko bwemeje ko integuro z'amasezerano yunganira ayamaze kugirwa ziteguwe neza ;
8. burafasha, igihe bikenewe, kandi bisabwe biciye mu rwandiko n'Urwego ruhagararira Reta mu kugira amasezerano mu bijanye n'ubuhinga kuva mu nteguro y'idosiye zidondora ivyerekeye amasoko ahiganirwa gushika hakiriwe burundu ivyaranguwe.

Ingingo ya 8 :

Ingingo yose y'Ubuyobozi bukuru iratangirwa imvo, igashirwako umukono igaheza ikarungikirwa uko bitegerejwe uwo yerekeye.

Agace ka 2 : Ivyo Ubuyobozi bukuru bushinzwe

Ingingo ya 9 :

Ubuyobozi bukuru, Ubushikirananyi vyerekeye, amashirahamwe arangura ibikorwa bijanye n'amasoko n'umuntu wese afise ubumenyi n'ubushobozi bukenewe arafasha, iyo bikenewe Urwego rujewe gucungera ivyerekeye Amasoko ya Reta mu gutegura amategeko ashira mu ngiro ibijanye n'amategeko agenga Amasoko ya Reta, nk'inzandiko zifatirwako, ibitabu bitanga intumbero z'ingene amasoko atangwa ibikurikizwa n'ifishi zikorehwa mu gusuzuma.

Ingingo ya 10 :

Ubuyobozi bukuru buragira uruhara mu kwemeza inzandiko zifatirwako zitegurwa n'Urwego rujewe gucungera ivyerekeye Amasoko ya Reta.

Article 11 :

La Direction Nationale reçoit la copie des plans de passation des marchés publics préparés chaque année par toute Autorité contractante.

Article 12 :

La Direction Nationale communique à l'ARMP pour centralisation et publication tous les avis d'appels d'offres, les résultats des évaluations desdites offres ainsi que les avis de non objection.

Article 13 :

La Direction Nationale collecte toute documentation, statistique, relatives aux procédures de passation, d'exécution ou de contrôle des marchés publics.

A cet effet, elle reçoit des autorités contractantes des copies des dossiers d'appels d'offres, procès-verbaux des réunions tenues en rapport direct avec les marchés, rapports d'évaluation des offres, les contrats des marchés et de tout autre rapport d'activités dont elle assure l'archivage.

La Direction Nationale assure l'enregistrement des contrats de marchés.

Article 14 :

La Direction Nationale transmet trimestriellement en copie à l'ARMP les données collectées et centralisées, en rapport avec l'attribution, l'exécution et le contrôle des marchés publics.

Article 15 :

Dans sa mission de contrôle, la Direction Nationale veille au respect de la réglementation en vigueur en ce qui concerne les procédures applicables dans la passation et l'exécution des marchés publics.

Ingingo ya 11 :

Ubuyobozi bukuru burashikirizwa ikopi y'indinganizo z'amasoko azatangwa zitegurwa ku mwaka ku mwaka n'Urwego urwo ari rwo rwose ruhagararira Reta mu kugira amasezerano.

Ingingo ya 12 :

Ubuyobozi bukuru burashikiriza Urwego rujejwe gucungera ivyerekeye Amasoko ya Reta kugira ruvyegeyeranye rwongere rubitangaze, amatangazo yose ahamagarira guhiganira isoko, ivyavuye mw'isuzuma ry'ivyashikirijwe n'abahiganira ayo masoko hamwe n'ingingo zemeza ko intenguro z'amasezerano zagizwe neza.

Ingingo ya 13 :

Ubuyobozi bukuru buregeranya inzandiko n'ibitabu vyose, ibiharuro bitororokanywa, vyerekeye ibikurikizwa mu gutanga amasoko ya Reta, ishirwa mu ngiro ryayo hamwe no mw'isuzuma ryayo.

Kubera ivyo, burashikirizwa n'inzego zihagararira Reta mu kugira amasezerano ikopi z'idosiye zidondora ivyerekeye amasoko ahiganirwa, ivyegeyeranyo vy'inama zerekeye amasoko zagizwe, ivyegeyeranyo vy'ukwihweza ivyo abahiganira isoko biyemeje, amasezerano yerekeye amasoko n'ibindi vyegeranyo ivyo ari vyose vyerekeye ibikorwa vyaranguwe, Ubuyobozi bukuru bukaba bujejwe kubishingura.

Ubuyobozi bukuru burandika mu bitabu bivyekeye amasezerano yerekeye amasoko.

Ingingo ya 14 :

Ubuyobozi bukuru burarungikira Urwego rujejwe gucungera ivyerekeye amasoko, uko amezi atatu aheze, ikopi z'ivyatororokanijwe vyashizwe hamwe, bijanye n'ugutanga amasoko ya Reta, ishirwa mu ngiro n'isuzuma ryayo.

Ingingo ya 15 :

Mu kurangura umurimo bujejwe w'ugusuzuma, Ubuyobozi bukuru buritararika ko amategekoko asanzwe akurikizwa yubahirizwa mu vyerekeye ibikurikizwa mu gutanga no mu gushira mu ngiro amasoko ya Reta.

Dans le cadre de ses missions organiques, la Direction Nationale peut faire appel, en cas de nécessité, aux services de cabinets, sociétés personnes-ressources qualifiées dans les domaines considérés.

La procédure de recours aux services extérieurs est définie dans un manuel de procédure dûment élaboré par la Direction Nationale.

CHAPITRE III : DE LA COMPOSITION ET DU FONCTIONNEMENT DE LA DIRECTION NATIONALE DE CONTROLE DES MARCHES PUBLICS

Article 16 :

La Direction nationale est composée :

1. d'un Comité Permanent ;
2. des services techniques spécialisés ;
3. d'un service de suivi de l'exécution ;
4. d'un service de contrôle à posteriori ;
5. d'un service administratif.

Section 1 : Du Comité Permanent

Article 17 :

Le Comité Permanent comprend 5 membres :

1. le Directeur National ;
2. le Secrétaire Exécutif ;
3. au moins trois membres choisis pour leur compétence.

Article 18 :

Le Comité Permanent est particulièrement chargé de l'exécution des missions de la Direction Nationale. Il assure en outre la surveillance et le contrôle des activités des services techniques spécialisés.

Article 19 :

Le Directeur National est nommé par décret sur proposition du Ministre ayant les Finances dans ses attributions.

Mu kurangura imirimo yabwo isanzwe itegekanijwe n'amategeko, Ubuyobozi bukuru burashobora kwikora, igihe bikenewe, ku biro n'amashirahamwe bifise ubuhinga n'ubushobozi bukenewe.

Ibikurikizwa mu kwikora ku badakora mu Buyobozi bukuru bitomorwa mu gitabu gitanga intumbero gitegurwa uko bitegerejwe n'Ubuyobozi bukuru.

IGICE CA III : IBISATA BIGIZE UBUYOBOZI BUJEJWE GUSUZUMA IVYEREKEYE AMASOKO YA RETA INGENE BIKORA N'INGENE BITUNGANIJWE

Ingingo ya 16 :

Ubuyobozi bukuru bugizwe n'ibisata bikurikira :

1. Komite yamahoro ;
2. Ibisata bitandukanye bijejwe ivyerekeye amasoko ;
3. Igisata kijejwe gukurikirana ibijanye n'ishirwa mu ngiro ry'amasoko ;
4. Igisata kijejwe gusuzuma, isoko rimaze gutangwa, ko ibikurikizwa mu gutanga amasoko agirirwa iryo suzuma ryubahirijwe ;
5. Igisata kijejwe ivyerekeye intworo.

Agace ka 1 : Ibijanye na Komite yamahoro

Ingingo ya 17 :

Komite yamahoro igizwe n'abantu batanu ari bo :


1. Umuyobozi mukuru ;
2. Umunyamabanga Nshingwabikorwa ;
3. Abantu batatu n'imiburuburi batorwa hisunzwe ubumenyi n'ubushobozi bafise.

Ingingo ya 18 :

Komite yamahoro ishinzwe cane cane ishirwa mu ngiro ry'imirimo y'Ubuyobozi bukuru. Ishinzwe kandi gukurikirana no gusuzuma ibirangurwa n'ibisata bitandukanye bijejwe ivyerekeye amasoko.

Ingingo ya 19 :

Umuyobozi mukuru agenwa n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu, ashikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe Ikigega ca Reta.



Article 20 :

Le Directeur National est chargé notamment :

1. du bon fonctionnement de l'ensemble des activités de la Direction Nationale en veillant à l'application rigoureuse des lois et règlements relatifs aux marchés publics ;
2. d'assurer l'application des décisions du Comité Permanent ;
3. de réunir périodiquement le Comité Permanent et les membres des services techniques spécialisés afin de coordonner leurs activités ;
4. d'assurer en collaboration avec le Secrétaire Exécutif la gestion technique et administrative de la Direction Nationale ;
5. d'établir à l'intention du Ministre ayant les Finances dans ses attributions des rapports trimestriels et annuels sur les activités de la Direction Nationale ;
6. produire des rapports circonstanciés sur le respect des orientations, le niveau de réalisations des objectifs et de l'accomplissement des performances de la Direction Nationale ;
7. d'établir le budget de la Direction Nationale.

Article 21 :

Sous le contrôle du Directeur National, le Secrétaire Exécutif est chargé notamment :

1. d'assurer la gestion quotidienne des services techniques spécialisés et des services administratifs de la Direction Nationale ;
2. d'assurer la préparation et l'exécution des missions dévolues au Comité Permanent ;

Ingingo ya 20 :


Umuyobozi mukuru ashinzwe cane cane ibi bikurikira :

1. kuraba ko ibikorwa vyose vy'Ubuyobozi bukuru birangurwa neza mu gukurikirana ko amabwirizwa n'amategeko yerekeye Amasoko ya Reta akurikizwa uko bitegerejwe ;
2. gushira mu ngiro ingingo zafashwe na Komite yamaho ;
3. kuja aragirisha inama ku bihe bizwi Komite yamaho n'abagize ibisata bitandukanye bijejwe ivyerekeye amasoko kugira akurikiranire hafi ibikorwa bashinzwe ;
4. gutunganya ibijanye n'amasoko n'ivyerekeye intworo mu Buyobozi bukuru afadikanije n'Umunyamabanga Nshingwabikorwa ;
5. gutegurira Umushikiranjanji ajejwe Ikigega ca Reta ivyegeranyo uko amezi atatu aheze no ku mwaka ku mwaka vyerekeye ibikorwa vy'Ubuyobozi bukuru ;
6. gutegura ivyegeranyo vyerekeye ivyaranguwe hafatiwe ku ntumbero zatanze, urugero rwashitsweko mugushira mu ngiro amahangiro n'ivyo Ubuyobozi bukuru bwashoboye gukora ;
7. gutegura amafaranga Ubuyobozi bukuru butegukanya gukoresha.

Ingingo ya 21 :

Akurikiranirwa hafi n'Umuyobozi mukuru, Umunyamabanga Nshingwabikorwa ashinzwe cane cane ibi bikurikira :

1. gutunganya ku muni ku muni ibisata bitandukanye bijejwe amasoko n'ibisata bijejwe ivy'intworo mu Buyobozi bukuru ;
2. gutegura n'ugushira mu ngiro imirimo ya Komite yamaho ;



3. d'assister sur le plan administratif des services techniques spécialisés dans l'exécution de leurs tâches ;
4. d'assurer le secrétariat lors des réunions du Comité Permanent.

Article 22 :

Le Secrétaire Exécutif et les autres membres du Comité Permanent sont nommés par ordonnance du Ministre ayant les Finances dans ses attributions sur proposition du Directeur National.

Sur délégation expresse du Directeur National, le Secrétaire Exécutif assure la coordination des activités des services techniques spécialisés.

Article 23 :

Dans l'accomplissement de leurs missions, le Directeur National et le Secrétaire Exécutif sont assistés par des services techniques spécialisés et d'un service administratif.

Chaque service est placé sous l'autorité d'un chef de service qui est responsable devant le Directeur National. Les chefs de services sont nommés par ordonnance du Ministre ayant les Finances dans ses attributions sur proposition du Directeur National.

Article 24 :

Le Directeur National et les membres du Comité Permanent sont nommés pour un mandat de trois ans, renouvelable une fois. Ils sont choisis parmi les personnes de bonne moralité et professionnellement compétentes.

Article 25 :

Le mandat du Directeur National et des membres du Comité Permanent prend fin soit à l'expiration normale de sa durée, soit par décès ou par démission. Le mandat prend également fin par sa révocation par l'autorité de nomination.

Article 26 :

Les fonctions des membres du Comité Permanent de la Direction Nationale sont incompatibles avec d'autres fonctions administratives.

3. gufasha mu bijanye n'intwaro ibisata vy'ubuhinga bijejwe ivyerekeye amasoko mw'ishirwa mu ngiro ry'imirimo bishinzwe ;
4. kuba umunyamabanga wa Komite yamaho mu gihe c'inama yayo.

Ingingo ya 22 :

Umunyamabanga Nshingwabikorwa n'abandi bagize Komite yamaho bagenwa n'itegeko nshikiranaji ry'Umushikiranaji ajejwe ikigega ca Reta abashikirijwe n'Umuyobozi mukuru.

Abitumwe n'Umuyobozi mukuru biciye mu rwandiko, Umunyamabanga Nshingwabikorwa arakurikiranira hafi ibikorwa vy'ibisata bitandukanye bishinzwe amasoko.

Ingingo ya 23 :

Mu kurangura imirimo bashinzwe, Umuyobozi mukuru n'Umunyamabanga Nshingwabikorwa bafashanya n'ibisata vy'ubuhinga bijejwe ivyerekeye amasoko n'Igisata kijejwe ivy'intwaro.

Igisata kimwe kimwe cose kirongorwa n'umukuru w'igisata akaba ari we abazwa ibirangurwa n'igisata ajejwe n'Umuyobozi mukuru. Abakuru b'ibisata bagenwa n'itegeko nshikiranaji ry'Umushikiranaji ajejwe ikigega ca Reta abashikirijwe n'Umuyobozi mukuru.

Ingingo ya 24 :


Umuyobozi mukuru n'abagize Komite yamaho bamara muri ayo mabanga ikiringo c'imyaka itatu, gishobora kwisubiriza rimwe gusa. Bategerezwa kuba bafise inyifato ibereye kandi bashoboye akazi.

Ingingo ya 25 :

Ikiringo Umuyobozi mukuru n'abari mu bagize Komite yamaho bamara muri ayo mabanga kirangira hageze ko gihera nk'uko bisanzwe bitegekanijwe, canke apfuye canke atanze imihoho. Ikiringo ciwe kirangira kandi afuswe n'Umutegetsi yamugenye.

Ingingo ya 26 :

Imirimo y'abagize Komite yamaho yo mu Buyobozi bukuru ntibangikanywa n'iyindi mirimo yerekeye ugutanga amasoko ya Reta.



Les membres du Comité Permanent ainsi que ceux des services techniques spécialisés ne peuvent pas être membres d'un organe de passation d'une Autorité contractante ou de l'Autorité de Régulation des Marchés Publics.

En tout état de cause, les membres du Comité Permanent ne peuvent pas être dans une situation de conflit d'intérêt par rapport à leurs missions.

Article 27 :

Hors les cas où ils sont appelés à rendre témoignage en justice et celui où la loi les oblige à faire connaître leurs secrets, les membres du Comité Permanent sont tenus au secret professionnel pour les informations, faits, actes et renseignements dont ils ont connaissance dans l'exercice ou en raison de leurs fonctions.

Ils sont également tenus dès leur entrée en fonctions et à la fin de celles-ci, de faire sur l'honneur, une déclaration écrite adressée au Président de la Cour des Comptes de leur patrimoine.

Section 2 : Des services techniques spécialisés

Article 28 :

La Direction Nationale comprend les services techniques spécialisés ci-après :

1. le service spécialisé des marchés de travaux ;
2. le service spécialisé des marchés de fournitures ;
3. le service spécialisé des marchés de services.

Article 29 :

Le Directeur National peut proposer au Ministre ayant les Finances dans ses attributions soit la suppression ou la fusion des services techniques spécialisés existants, soit la création de nouveaux services techniques spécialisés.

Abagize Komite yamaho n'abandi bo mu bisata bitandukanye bijejwe amasoko ntibashobora kuja mu bagize igisata kijejwe gutanga amasoko c'Urwego ruhagararira Reta mu kugira amasezerano canke c'Urwego rujejwe gucungera amasoko

Uko biri kwose, abagize Komite yamaho ntibashobora kugira inyungu zitabangikana n'iyi mirimo baba bashinzwe.

Ingingo ya 27 :

Kiretse iyo bahamagawe gusura muri sentare n'iyi amategeko abategeka kumenyesha amabanga y'akazi bafise, abagize Komite yamaho bategerezwa kugumya amabanga y'akazi mu bijanye n'inkuru, ivyabaye, ivyakozwe n'ivyo batohoje bari mu kazi canke kubera amabanga bashinzwe.

Bategerezwa kandi, bagitangura imirimo bashinzwe n'iyi bayirangije, gushikiriza mu kuri, urwandiko rwerekana amatungo yabo Umukuru wa Sentare isuzuma ikongera igakurikirana ingene amafaranga y'igihugu akorehwa.

Agace ka 2 : Ibijanye n'ibisata bitandukanye bijejwe amasoko

Ingingo ya 28 :

Ubuyobozi bukuru bugizwe n'ibisata bitandukanye bijejwe amasoko bikurikira :

1. Igisata kijejwe amasoko yerekeye ibikorwa vy'ukwubaka ;
2. Igisata kijejwe amasoko yerekeye ivyimuka ;
3. Igisata kijejwe amasoko yerekeye ukurangura ubuzi.

Ingingo ya 29 :

Umuyobozi mukuru arashobora gusaba Umushikirananyi ajejwe Ikigega ca Reta ko yofuta Igisata kijejwe amasoko kanaka canke ko yosukiranya ibisata kanaka bihari canke agashiraho ibindi bisata bishasha.



Article 30 :

Lorsqu'aucun des services techniques spécialisés n'est compétent pour réaliser une mission confiée à la Direction Nationale ou lorsque les composantes du marché relèvent de la compétence de plusieurs services techniques spécialisés, le Directeur National propose au Ministre ayant les Finances dans ses attributions de nommer à titre exceptionnel une commission ad hoc pour statuer sur le dossier.

Article 31 :

Les services techniques spécialisés sont chargés chacun dans son secteur d'activités du contrôle a priori des procédures de passation des marchés.

Article 32 :

Les services techniques spécialisés sont chargés d'émettre des avis de non objection et des avis sur les autorisations prévues par la réglementation en vigueur.

Article 33 :

Chaque service technique spécialisé comprend au moins cinq membres désignés en raison de leur compétence dans le domaine concerné.

Article 34 :

Les membres des services techniques spécialisés ne peuvent pas être membres d'un organe de passation des marchés d'une Autorité contractante ou de l'Autorité de Régulation des Marchés Publics.

Article 35 :

Les fonctions de membre des services techniques spécialisés sont incompatibles avec toute relation directe ou indirecte d'intérêts dans les entreprises soumissionnaires des marchés publics.

En tout état de cause, les membres des services techniques spécialisés ne peuvent pas être dans une situation de conflit d'intérêt par rapport à leurs missions.

Ingingo ya 30 :

Igihe ata gisata na kimwe gishoboye kurangura umurimo Ubuyobozi buba bushinzwe canke mu gihe ibigize isoko bisaba ubuhinga bw'ibisata vyinshi bitandukanye, Umuyobozi mukuru arasaba Umushikiranganji ajejwe Ikigega ca Reta ko yogena umugwi ushirwaho kugira urangure ico gikorwa gusa.

Ingingo ya 31 :

Ibisata bitandukanye bishinzwe amasoko bijejwe, kimwe cose mu bicerekeye, gusuzuma, isoko ritaratangwa, ko ibikurikizwa mu gutanga amasoko agirirwa iryo suzuma vyubahirijwe.

Ingingo ya 32 :

Ibisata vy'ubuhinga bishinzwe amasoko bijejwe gushikiriza, biciye mu rwandiko, ingingo ivuga ko vyemeje ko idosiye zidondora ivyerekeye amasoko ahiganirwa ziteguwe neza n'icyumviro ku mpusha zisabwa zitegekanijwe n'amategeko asanzwe akurikizwa.

Ingingo ya 33 :

Igisata kimwe kimwe cose kijejwe amasoko kigizwe n'imiburiburi n'abantu batanu bagenwa kubera ubuhinga n'ubushobozi bafise mu mirimo igisata kijejwe.


Ingingo ya 34 :

Abagize ibisata bitandukanye bijejwe amasoko ntibashobora kuja mu bagize igisata kijejwe gutanga amasoko c'Urwego ruhagararira Reta mu kugira amasezerano canke c'Urwego rujejwe gucungera amasoko ya Reta.

Ingingo ya 35 :

Imirimo y'abagize ibisata bitandukanye bijejwe amasoko ntirangurwa n'umuntu afise inyungu ubwiwe canke biciye mu bundi buryo mu mashirahamwe ahiganira amasoko ya Reta.

Uko biri kwose, abagize ibisata bitandukanye bijejwe amasoko ntibashobora kugira inyungu zitabangikana n'iyo mirimo baba bashinzwe.



Article 36 :

Hors les cas où ils sont appelés à rendre témoignage en justice et celui où la loi les oblige à faire connaître leurs secrets, les membres des services techniques spécialisés sont tenus au secret professionnel pour les informations, faits, actes et renseignements dont ils ont connaissance dans l'exercice en raison de leurs fonctions.

Section 3 : Du service de suivi de l'exécution des marchés

Article 37 :

Le service de suivi de l'exécution des marchés est notamment chargé de :

1. procéder à des vérifications périodiques et inopinées des chantiers et des matériels en cours de fabrication ;
2. procéder à des opérations de suivi de l'exécution des marchés sur base des contrats ;
3. procéder à la vérification de la qualité des prestations et de leur conformité aux spécifications convenues ;
4. procéder au suivi de l'exécution financière des marchés et délégation et formuler des avis sur la pertinence des travaux supplémentaires demandés et sur l'application des pénalités de retard prévues dans les contrats ;
5. participer à titre d'observateur à la réception des prestations sur demande écrite de l'Autorité contractante.

Article 38 :

Le service de suivi de l'exécution des marchés comprend au moins cinq membres nommés par ordonnance du Ministre ayant les Finances dans ses attributions, sur proposition du Directeur National.

Ingingo ya 36 :

Kiretse iyo bahamagawe gusura muri sentare n'iyoy amategeko abategeka kumenyesha amabanga y'akazi bafise, abagize ibisata bitandukanye bijewe amasoko bategerezwa kugumya amabanga y'akazi mu bijanye n'inkuru, ivyabaye, ivyakozwe n'ivyo batohoje bari mu kazi canke kubera amabanga bashinzwe.

Agace ka 3 : Ibijanye n'igisata kijejwe gukurikirana ishirwa mu ngiro ry'amasoko

Ingingo ya 37 :

Igisata kijejwe gukurikirana ishirwa mu ngiro ry'amasoko gishinzwe cane cane ibi bikurikira :

1. gusuzuma ku bihe bizwi n'iyoy bitategujwe amashantiye hamwe n'ibikoresho vyerekeye isoko ryatanzwe biriko birakorwa ;
2. gukurikirana ko isoko ririko rirashirwa mu ngiro hisunzwe amasezerano ;
3. gusuzuma ko ivyaranguwe vyakozwe neza n'uko bihuye n'ibisabwa vyumvikanyweko ;
4. gukurikirana ikoresha ry'amafaranga agenewe amasoko n'ibikorwa vyega Reta bishingwa abandi hamwe no kugira icyo igisata gishikirije kijanye n'uko ibikorwa bisabwa kwongerwako vyoba bikenewe no ku vyerekeye itangwa ry'ibihano bitegekanyijwe mu masezerano bijanye n'ukutarangura ku gihe ivyasezeranywe ;
5. kuja, ka burorerezi, mu gikorwa c'ukwakira ivyaranguwe, kibisabwe biciye mu rwandiko n'Urwego ruhagararira Reta mu kugira amasezerano.

Ingingo ya 38 :

Igisata kijejwe gukurikirana ishirwa mu ngiro ry'amasoko kigizwe n'imiburiburi n'abantu batanu bagenwa n'itegeko nshikiranganji ry'Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta, bashikirijwe n'Umuyobozi mukuru.



Article 39 :

Les membres du service de suivi de l'exécution des marchés ne peuvent pas être membres d'un organe de passation d'une Autorité contractante ou de l'Autorité de Régulation des Marchés Publics.

Article 40 :

Le Directeur National peut proposer au Ministre ayant les Finances dans ses attributions de nommer à titre exceptionnel une commission ad hoc pour s'adjoindre au service de suivi de l'exécution des marchés.

Article 41 :

Les fonctions de membre du service de suivi de l'exécution des marchés sont incompatibles avec toute relation directe ou indirecte d'intérêts avec les entreprises soumissionnaires des marchés publics.

En tout état de cause, les membres du service de suivi de l'exécution des marchés ne peuvent pas être dans une situation de conflit d'intérêt par rapport à leurs missions.

Article 42 :

Hors les cas où ils sont appelés à rendre témoignage en justice et celui où la loi les oblige à faire connaître leurs secrets, les membres du service de suivi de l'exécution des marchés sont tenus au secret professionnel pour les informations, faits, actes et renseignements dont ils ont connaissance dans l'exercice en raison de leurs fonctions.

Section 4 : Du service contrôle a posteriori**Article 43 :**

Le service contrôle a posteriori est chargé de vérifier les procédures de passation des marchés d'un montant inférieur aux seuils de contrôle a priori.

A ce titre, le service contrôle a posteriori est chargé entre autres de :

Ingingo ya 39 :

Abagize Igisata kijejwe gukurikirana ishirwa mu ngiro ry'amasoko ntibashobora kuja mu bagize igisata kijejwe gutanga amasoko c'Urwego ruhagararira Reta mu kugira amasezerano canke c'Urwego rujewe gucungera amasoko ya Reta.

Ingingo ya 40 :

Umuyobozi mukuru arashobora gusaba Umushikirananyi ajejwe Ikigega ca Reta ko yogena umugwi ushirwaho kugira ufashe Igisata kijejwe gukurikirana ishirwa mu ngiro ry'amasoko.

Ingingo ya 41 :

Imirimo y'abagize Igisata kijejwe gukurikirana ishirwa mu ngiro ry'amasoko ntirangurwa n'umuntu afise inyungu ubwiwe canke biciye mu bundi buryo mu mashirahamwe ahiganira amasoko ya Reta.

Uko biri kwose, abagize Igisata kijejwe gukurikirana ishirwa mu ngiro ry'amasoko ntibashobora kugira inyungu zitabangikana n'iyi mirimo baba bashinzwe.


Ingingo ya 42 :

Kiretse iyi bahamagawe gusura muri sentare n'iyi amategeko abategeka kumenyesha amabanga y'akazi bafise, abagize Igisata kijejwe gukurikirana ishirwa mu ngiro ry'amasoko bategerezwa kugumya amabanga y'akazi mu bijanye n'inkuru, ivyabaye, ivyakozwe n'ivyo batohoje bari mu kazi canke kubera amabanga bashinzwe.

Agace ka 4 : Igisata kijejwe kugira isuzuma isoko rimaze gutangwa**Ingingo ya 43 :**

Igisata kijejwe kugira isuzuma isoko rimaze gutangwa gishinzwe gusuzuma, ko ibikurikizwa mu gutanga amasoko ya Reta vyagizwe neza ku masoko ya Reta asaba amafaranga adashikana ingero zifatirwako z'amafaranga ku masoko agirirwa isuzuma imbere yuko atangwa.

Kubera ivyo, Igisata kijejwe kugira isuzuma isoko rimaze gutangwa gishinzwe imirimo nk'iyi ikurikira :



1. procéder à l'examen de la conformité et de la régularité des procédures de passation des marchés dont les montants sont inférieurs aux seuils de contrôle a priori de la Direction Nationale ;
2. procéder à la vérification de l'application stricte des modalités d'exécution des marchés publics par les autorités contractantes ;
3. vérifier si tous les marchés sous seuils ont été intégrés dans le plan prévisionnel de passation des marchés ;
4. produire des rapports provisoires de contrôle à transmettre aux autorités contractantes pour avis et observations éventuels ;
5. intégrer dans le rapport définitif des observations pertinentes émises par les autorités contractantes et le transmettre à qui de droit ;
6. formuler des recommandations de nature à permettre à l'Autorité contractante d'améliorer la gestion des marchés et à l'Autorité de régulation de bien définir la politique de passation et de gestion des marchés.

Article 44 :

Le service contrôle a posteriori comprend au moins cinq membres nommés par ordonnance du Ministre ayant les Finances dans ses attributions, sur proposition du Directeur National.

Article 45 :

Les membres du service contrôle a posteriori ne peuvent pas être membres d'un organe de passation d'une Autorité contractante ou de l'Autorité de Régulation des Marchés Publics.

1. gusuzuma ko ibikurikizwa mu gutanga amasoko ya Reta vyagizwe neza ku masoko ya Reta asaba amafaranga adashikana ingero zifatirwako z'amafaranga amasoko atwara asuzumwa n'Ubuyobozi bukuru imbere yuko atangwa ;
2. gusuzuma ko inzego zihagararira Reta zishira mu ngiro uko bitegerejwe ibikurikizwa mw'ishirwa mu ngiro ry'amasoko ya Reta ;
3. gusuzuma ko amasoko yose adashikana ingero zifatirwako z'amafaranga amasoko atwara yashizwe mu ndinganizo y'amasoko ashobora gutangwa ;
4. kugira integuro z'ivyegeranyo vyerekeye ivyasuzumwe zishikirizwa inzego zihagararira Reta mu kugira amasezerano kugira zigire ico zobivugako ;
5. gushira mu cegeranyo ntabanduka ivyiyumviro nkenerwa vyatanzwe n'inzego zihagararira Reta mu kugira amasezerano kigaheza kigashikiriza uwubijewe ;
6. gushikiriza ivyiyumviro bishobora gufasha Urwego ruhagararira Reta mu kugira amasezerano gutunganya neza gusumba ivyerekeye amasoko no gufasha Urwego rujejwe gucungera ivyerekeye amasoko ya Reta gutegura neza poritike yerekeye ugutanga n'ugutunganya amasoko.

Ingingo ya 44 :

Igisata kijejwe kugira isuzuma isoko rimaze gutangwa kigizwe n'imiburiburi n'abantu batanu bagenwa n'itegeko nshikiranganji ry'Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta bashikirijwe n'Umuyobozi mukuru.

Ingingo ya 45:

Abagize Igisata kijejwe kugira isuzuma isoko rimaze gutangwa ntibashobora kuja mu bagize igisata kijejwe gutanga amasoko c'Urwego ruhagararira Reta mu kugira amasezerano canke c'Urwego rujejwe gucungera ivyerekeye amasoko ya Reta.

Article 46 :

Le Directeur National peut proposer au Ministre ayant les Finances dans ses attributions de nommer à titre exceptionnel une commission ad hoc pour s'adjoindre au service contrôle a posteriori.

Article 47 :

Les fonctions de membre du service contrôle a posteriori sont incompatibles avec toute relation directe ou indirecte d'intérêts avec les entreprises soumissionnaires des marchés publics.

En tout état de cause, les membres du service contrôle a posteriori ne peuvent pas être dans une situation de conflit d'intérêt par rapport à leurs missions.

Article 48 :

Hors les cas où ils sont appelés à rendre témoignage en justice et celui où la loi les oblige à faire connaître leurs secrets, les membres du service de contrôle a posteriori sont tenus au secret professionnel pour les informations, faits, actes et renseignements dont ils ont connaissance dans l'exercice en raison de leurs fonctions.

Section 5 : Du service administratif**Article 49 :**

Le service administratif est chargé d'apporter un appui dans la gestion quotidienne de la Direction Nationale.

A ce titre, le service administratif est chargé notamment :

1. de l'accueil et de l'orientation ;
2. de la réception, de l'enregistrement et de l'expédition du courrier ;
3. de la gestion logistique ,
4. du classement et de l'archivage des dossiers ;
5. de toute autre tâche lui confiée par la Direction Nationale.

Ingingo ya 46 :

Umuyobozi mukuru arashobora gusaba Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta ko yogena umugwi ushirwaho kugira ufashe Igisata kijejwe kugira isuzuma isoko rimaze gutangwa.

Ingingo ya 47 :

Imirimo y'abagize Igisata kijejwe kugira isuzuma isoko rimaze gutangwa n'umuntu afise inyungu ubwiwe canke biciye mu bundi buryo mu mashirahamwe ahiganira amasoko ya Reta.

Uko biri kwose, abagize Igisata kijejwe kugira isuzuma isoko rimaze gutangwa ntibashobora kugira inyungu zitabangikana n'iyi mirimo baba bashinzwe.

Ingingo ya 48 :


Kiretse iyi bahamagawe gusura muri sentare n'iyi amategeko abategeka kumenyeshya amabanga y'akazi bafise, abagize Igisata kijejwe kugira isuzuma isoko rimaze gutangwa bategerezwa kugumya amabanga y'akazi mu bijanye n'inkuru, ivyabaye, ivyakozwe n'ivyo batohoje bari mu kazi canke kubera amabanga bashinzwe.

Agace ka 5 : Igisata kijejwe ivyerekeye intwaro**Ingingo ya 49 :**

Igisata kijejwe ivyerekeye intwaro gishinzwe gufasha Ubuyobozi bukuru mu mirimo yabwo ya minsi yose.

Kubera ivyo, Igisata kijejwe ivyerekeye intwaro gishinzwe cane cane ibi bikurikira :

1. kwakira abakenera Ubuyobozi bukuru no kubarangira aho ivyo bakenera bikorerwa ;
2. kwakira amakete y'akazi, kuyandika mu gitabu kibigenewe no kurungika amakete y'akazi aho agenewe kuja ;
3. gutunganya ibikoresho vy'akazi ;
4. gushira k'urutonde idosiye uko zikurikirana no kuzishingura ;
5. kurangura ikindi gikorwa cose gihabwa n'Ubuyobozi bukuru.





Article 50 :

Hors les cas où ils sont appelés à rendre témoignage en justice et celui où la loi les oblige à faire connaître leurs secrets, les membres du service administratif sont tenus au secret professionnel pour les informations, faits, actes et renseignements dont ils ont connaissance dans l'exercice en raison de leurs fonctions.

CHAPITRE IV : DE LA SAISINE DE LA DIRECTION NATIONALE

Article 51 :

Les dossiers d'appels d'offres, les rapports d'analyse comparative des offres, le procès-verbal d'attribution, les projets de marchés et d'avenants, sont transmis par écrit à la Direction Nationale pour analyse et approbation.

La Direction Nationale délivre un accusé de réception après vérification des pièces de chaque dossier qui lui est remis.

Article 52 :

La Direction Nationale ainsi saisie statue dans un délai qui n'excède pas dix jours ouvrables à compter de la réception de la requête.

En cas d'urgence, le délai visé à l'alinéa précédent est ramené à cinq jours ouvrables au plus.

Article 53 :

Si l'avis de la Direction Nationale est favorable, l'Autorité contractante poursuit la procédure de passation du marché dans le respect des délais légaux.

Article 54 :

Lorsque la Direction Nationale émet un avis défavorable ou rejette la demande d'autorisation, l'Autorité contractante peut saisir l'Autorité de Régulation des Marchés Publics conformément aux dispositions qui régissent son fonctionnement.

Ingingo ya 50 :

Kiretse iyo bahamagawe gusura muri sentare n'iyi amategeko abategeka kumenyesha amabanga y'akazi bafise, abagize Igisata kijejwe ivyerekeye intwari bategerezwa kugumya amabanga y'akazi mu bijanye n'inkuru, ivyabaye, ivyakozwe n'ivyo batohojye bari mu kazi canke kubera amabanga bashinzwe.

IGICE CA IV : IVYEREKEYE UKWITURA UBUYOBOZI BUKURU

Ingingo ya 51 :

Idosiye zidondora ivyerekeye amasoko ahiganirwa, ivyegeranyo vyerekana ingene ivyashikirijwe n'abahiganira isoko bisumbasumbanya amanota, icegeranyo cerekana uwahawe isoko, integuro z'amasezerano yerekeye amasoko n'iz'amasezerano yiyongera ku yamaze kugirwa, birungikirwa Ubuyobozi bukuru kugira buyihweze bwongere buyemeze.

Ubuyobozi bukuru buratanga urwandiko rwemeza ko buyakiriye bumaze kwihweza ibigize idosiye imwe imwe bwashikirijwe.

Ingingo ya 52 :

Ubuyobozi bukuru bumaze gushikirizwa ivyegeranyo n'integuro z'amasezerano, bufata ingingo mu kiringo kitarenza iminsi icumi y'akazi iharurwa kuva buyakiriye.

Mu gihe vyihutirwa, ikiringo kivugwa mu gahimba ka mbere k'iyi ngingo kiragabanurwa gushika ku minsi y'akazi itarenga itanu.

Ingingo ya 53 :

Iyo Ubuyobozi bukuru bwemeje ivyegeranyo n'integuro z'amasezerano bwashikirijwe, Urwego ruhagararira Reta mu kugira amasezerano ruca rubandanya ibijanye n'itangwa ry'isoko hubahirijwe ibiringo vyemewe n'amategeko.

Ingingo ya 54 :

Mu gihe Ubuyobozi bukuru butavyemeje canke busubije inyuma urwandiko rusaba uruhusha, Urwego ruhagararira Reta mu kugira amasezerano rurashobora kwitura Urwego rujewe gucungera ivyerekeye Amasoko ya Reta hisunzwe ingingo zigenga ingene urwo rwego rukora.



CHAPITRE V : DES DISPOSITIONS FINALES

Article 55 :

Le Comité Permanent élabore un Règlement d'Ordre Intérieur de la Direction Nationale et le Code d'éthique et de déontologie.

Article 56:

Le Ministre ayant les Finances dans ses attributions est chargé de l'exécution du présent décret.


Article 57 :

Le présent décret entre en vigueur le jour de sa signature.

Fait à Gitega, le 22 avril 2022


Evariste NDAYISHIMIYE.-

PAR LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,




LE PREMIER MINISTRE,

Alain-Guillaume BUNYONI
Général de Police.



LE MINISTRE DES FINANCES, DU BUDGET
ET DE LA PLANIFICATION ECONOMIQUE,



Dr. Domitien NDIHOKUBWAYO.

IGICE CA V : INGINGO ZISOZERA

Ingingo ya 55 :

Komite yamaho irategura Amategeko Ntunganyabikorwa y'Ubuyobozi bukuru hamwe n'amategeko agenga inyifato n'akarangamutima k'abakozi bo mu Buyobozi bukuru.

Ingingo ya 56 :

Umushikiranganji ajejwe Ikigega ca Reta ni we ashinzwe ishirwa mu ngiro ry'iri tegeko.

Ingingo ya 57:

Iri tegeko ritangura gukurikizwa kuva umunsi rishiriweko umukono.

Bigiriwe i Gitega , ku wa 22 Ndamukiza 2022


NDAYISHIMIYE Evariste.-

KU BW'UMUKURU W'IGIHUGU,




UMUSHIKIRANGANJI WA MBERE,

BUNYONI Alain-Guillaume
Jenerari mu Giporisi.



UMUSHIKIRANGANJI W'IKIGEGA CA RETA, NO
GUTUNGANYA UBUTUNZI BW'IGIHUGU,



Dr. NDIHOKUBWAYO Domitien.